



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE GRAN OUVÈTI OFISYÈL BILDING
TRANSFÒMASYON CITY CENTER A NAN ANBA LAVIL SYRACUSE**

***Pwojè devlopman pou itilizasyon miks 40 milyon dola a amelyore ansyen bilding
istorik gran magazen Sibley nan South Salina ak West Jefferson***

***Investisman an konplete inisyativ "CNY Rising" lan – ki se estrateji global rejon
an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse gran ouvèti ofisyèl Bilding City Center a nan anba lavil Syracuse. Lokal istorik la, ki te okòmansman Teyat Keith (Keith's Theatre) an 1920 ki apresa vin gran magazen Sibley, kounye a te transfòme an yon etablisman 40 milyon dola, pou itilizasyon miks ki sèvi kòm yon pwen santral pou efò pou revitalize zòn anba lavil la. Amelyorasyon nan ansyen gran magazen an baze sou transfòmasyon aktyèl k ap fèt nan anba lavil Syracuse, ki te posib grasa gwo finansman eta ki gen ladan investisman Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Central New York Regional Economic Development Council, REDC) New York Santral la, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la fè, ak finansman kapital, ankourajman fiskal, ak lòt avantaj Empire State Development bay. Eta New York, atravè Empire State Development, ap bay yon total jiska 4.1 milyon dola pou sipòte pwojè sa a.

"Nouvo bilding City Center a make kòmansman yon nouvo chapit eksitan ak pwospè nan anba lavil Syracuse", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè nou investi nan pwen ankraj kominotè ki dinamik tankou City Center, akeyi nouvo biznis nan zòn nan, epi pwofite patenarya lokal nou yo, administrasyon mwen an pran angajman pou revitalize distri kominotè nan Sant New York ak nan tout eta nou an".

Etablisman kat etaj la gen ladan espas komèsyal 240,000 pye kare ak yon garaj pakin pou 750 machin. Pami konpayi ki fonksyonèl nan nouvo etablisman an gen pwomotè pwojè ak manadjè konstriksyon The Hayner Hoyt Corporation; patnè nan tout domèn defans ak teknoloji Huntington Ingalls Industries; konpayi teknoloji TI (Teknoloji Enfòmasyon) ekolojik CXtec/TERACAI; ak Tompkins Community Bank. Selèb Redhouse Arts Center, yon pwopriyetè pasyèl bilding nan, sitiye tou sou plas.

Renovasyon bilding City Center a fè swivi a plizyè gwo investisman pou revitalize distri santral komèsyal Syracuse, ki baze sou priorite Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral etabli. Efò sa yo gen ladan yo revitalizasyon Hotel Syracuse istorik la, ke yo rele kounye a Marriott Syracuse Downtown, ekspansyon Jaden Teknolojik la, k ap ede antreprenè ki vizyonè yo devlope lide yo; kreyasyon Salt City Market; renovasyon ansyen bilding Excellus la pou tounen etablisman plizyè itilizasyon Icon Tower, reyamenajman ansyen bilding Post Standard la, ak etablisman syèj sosyal global JMA Wireless nan Cortland Avenue pami lòt pwojè.

Anplis de sa, an 2021, yo te nonmen vil Syracuse kòm yon gayan senkyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil 10 milyon dola a. DRI sèvi kòm yon poto mitan politik devlopman ekonomik eta a, ki vize transfòmasyon katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Gen plis enfòmasyon sou City Center ki disponib [isit la](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "City Center se youn nan anpil pwojè transfòmasyon k ap pote nouvo lavi nan bilding ki gen etaj yo nan kè Syracuse. Atravè sipò DRI ak lòt investisman sibler, n ap ede kreye yon anba lavil ki pi dinamik ak konekte, ak yon avni ki pi briyan pou rejyon enkwayab sa a".

Prezidan Hayner Hoyt Corporation, Jeremy Thurston, te deklare, "Nou onore pou nou fè pati reyamenajman City Center ak patnè nou yo nan Redhouse Arts Center k ap transfòmasyon yon blòk vil ki vid pou tounen yon pati ki dinamik nan kominote anba lavil Syracuse la. Pwojè sa a pa t ap posib san sipò ak investisman Empire State Development".

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Syracuse ak New York Santral kontinye ap grandi, epi mwen kontan wè dènye adisyon nan anba lavil dinamik nou an, bilding City Center a. Nouvo sant sa a pou biznis, teyat, ak komès an detay pral ede kontinye renesans zòn lan nan kreye plis travay, manje, amizman ak magazen. Mèsi Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou travay nou sou pwojè sa a ak sipò kontinyèl nou nan New York Santral",

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Ouvèti bilding City Center a se yon lòt mak nan revitalizasyon kontinyèl anba lavil Syracuse. Devlopman sa a pral gen gwo enpak ekonomik pandan l ap asire ke anba lavil Syracuse la rete yon kote ki dinamik pou biznis New York Santral yo".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a Ryan McMahon te deklare, "Pwojè transfòmasyon tankou City Center ap katalize reyamenajman pwopriyete vid yo, k ap kontinye renesans k ap fèt nan anba lavil Syracuse. Pwojè tankou sa a sèvi tou pou ranfòse ekonomi lokal la, kreye yon pèspektiv pozitif pou rezidan yo, vizitè yo ak biznis yo. Kalite investisman sa yo non sèlman transfòmasyon Syracuse men tou y ap ajoute nan vitalite jeneral tout rejyon an".

Majistra Vil Syracuse lan, Ben Walsh, te deklare, "Reyamenajman City Center a pote nouvo vi nan ansyen bilding Sibley la, yon pwojè kle nan renesans anba lavil la. Etablisman pou itilizasyon miks la pral pote travay, amizman ak opòtinite biznis epi kontribiye nan kwasans ekonomik nan rejyon nou an. Mwen felisite Hayner Hoyt pou apwòch odasye ak kreyatif li epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou investisman yo kontinye fè nan Syracuse".

Akselere CNY Rising

Anons jodi a vin konplete pwojè "CNY Rising" lan, ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou kapitalizasyon mache global yo, ki ranfòse antreprenarya epi kreye yon ekonomi ki enklizif. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York la (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", ki se mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)